

# WUJUD LAN ISI CRITA NABI MUSA ING SERAT AMBYA (Titingan Filologi)

**RESPATI RETNO UTAMI**  
PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA  
Rezzpatiee@gmail.com

## Abstrak

Naskah iku tulisan tangan kang nyimpen sawernaning pamikiran lan rasa pangrasa minangka asiling budaya bangsa jaman biyen. Naskah minangka sawijining karya sastra kang arupa sastra tulis ngemot perangan-perangane kabudayaan Hindu, Budha, Islam, Kristen, lan uga budaya asing. Budaya-budaya kasebut campur bawur dadi siji nyawiji dadi sawijining gegambaraning kahanan sosial budaya kang ana ing jamane dhewadhewe. Naskah Serat Ambya iki minangka serat kang narik kawigaten kanggo diteliti, amarga mujudake serat kang nyritakake babagan Nabi kang adedhasar Kitab Suci. Naskah kasebut dianggep minangka Kitab kang sakral lan ngandhut pitutur luhur kaya dene Al Qur'an.

Gegayutan karo andharan mau underaning panliten iki yaiku: (1) Kepriye andharan ngenani Serat Ambya, (2) Kepriye suntingan teks sajrone Serat Ambya mligine *episode* Nabi Musa, (3) Kepriye struktur naratif sajrone Serat Ambya, (4) Kepriye nilai filosofis kang kinandhut jroning *episode* Nabi Musa.

Adhedhasar underaning panliten kadudut ancasing panliten kaya mengkene: (1) Ngandharake deskripsi naskah Serat Ambya, (2) Ngandharake suntingan teks sajrone Serat Ambya mligine *episode* Nabi Musa, (3) Ngandharake struktur naratif sajrone Serat Ambya, (4) Ngandharake nilai filosofis kang kinandhut sajrone *episode* Nabi Musa.

Panliten iki diajab bisa menehi paedah, paedah panliten iki kaperang dadi loro yaiku: (1) Paedah Teoritis ing panliten iki yaiku supaya menehi sumbangsing marang teori filsafat kang dicakake jroning karya sastra lawas. Saliyane iku uga mbuktakake yen antarane teori filsafat lan teori sastra pancen nduweni gayutan kang raket. (2) Paedah Praktis ing panliten iki yaiku paedah kang dirasakake dening panliti, pamaos, lan masyarakat kang bisa ndudut nilai lan pitutur becik kang kinandhut sajrone Serat Ambya kasebut.

Metode kang digunakake ing panliten iki ana telu, yaiku metode deskriptif kualitatif, metode heuristik, lan kang pungkasan metode hermeneutika. Metode kang dicakake ing panliten iki ana telu amarga teori kang digunakake kanggo mbedhah karya sastra lawas iki ana papat yaiku filologi, filsafat, lan teori struktur lan hermeneutik. Metode deskriptif kualitatif digunakake kanggo ndeskripsikake kepriye wujud NSA kasebut. Metode heuristik digunakake kanggo nindakake kagiyatan maca supaya bisa nemtokake isine NSA. Banjur kang pungkasan metode hermeneutika digunakake kanggo nafsirake nilai filosofis kang kinandhut jroning simbol-simbol ing NSA mligine episode crita Nabi Musa.

Asiling panliten bisa didudut telung perangan lan laras karo underaning panliten. Dudutan kapisan pranyata Serat Ambya kasebut nduweni katrangan kang jangkep ngenani identitas naskah, jinising tulisan naskah apik, cacahé kacane naskah iku jangkep, lan basane naskah nggunakake basa jawa anyar kang bisa dimangerteni kanthi cetha. Dudutan kang kaping pindho ngenani suntingan teks, kesalahan kang dumadi ing naskah kasebut ora akeh, mung kesalahan ing bab kaidah panulisan lawas kang wis beda karo kaidah panulisan jaman saiki. Paugerane tembang umume wis laras karo paugeran kang trep, amarga Naskah kasebut wis awujud gubahan saka naskah pesisiran menyang naskah kraton. Dudutan kang kaping telu ngenani struktur naratif NSA kaperang jroning *episode* crita wiwit Nabi Adam nganti tumeka Nabi Muhammad lan uga Prabu Jayabaya. Saben *episode-episode* ing crita kasebut kaperang maneh menyang sekuen-sekuen kang ngandharake tema-tema saben *episode*. Dudutan kang kaping pungkasan ngenani nilai filosofis kang kinandhut jroning pitung simbol kang tinemu ing *episode* crita Nabi Musa. Nilai-nilai kasebut yaiku: (1) nilai filosofise wong sabar (2) nilai filosofise percaya yen kabecikan tansah menang (3) nilai filosofise ngucap syukur (4) nilai filosofise bekti marang wong tuwa (5) nilai filosofise kadurjanan bakale tansah konangan (6) nilai filosofise upaya kanggo nyinaoni ngelmu gaib (7) nilai filosofise nampa kematian. Nilai kasebut kang kudu dituladhani dening para pamaos kang gelem ngrenungake samubarang kang sinurat lan sumirat saben tetembungan kang karonce jroning karya sastra.

## PURWAKA

Jroning sejarah pangrembakaning Kasusastran Jawa, periodisasi sastra jawa kaperang dadi papat yaiku Jawa Kuna, Jawa Pertengahan, Jawa Anyar, lan Jawa Mutakhir (Purnomo,2007:79) Sastra Jawa Kuna awujud kakawin kang nggunakake basa Jawa kuna, sastra Jawa Pertengahan awujud kidung kang nggunakake basa Jawa pertengahan, sastra Jawa anyar awujud tembang macapat lan gancaran kang nggunakake basa Jawa anyar. Akeh-akehe karya sastra kang karipta ing jaman Jawa Kuna, Pertengahan lan Anyar iku isih awujud naskah.

Naskah iku tulisan tangan kang nyimpen sawernaning pamikiran lan rasa pangrasa minangka asiling budaya bangsa jaman biyen. Naskah yen tunggal diarani *handschrift* yen wujud jamake diarani *manuscript* (Baried dkk,1994:55). Kabudayan Hindu, Budha, Islam, Kristen, lan uga budaya asing campur bawur dadi siji nyawiji dadi sawijining gegambaraning kahanan sosial budaya kang ana ing jamane dhewe-dhewe.

Naskah Serat Ambya iki minangka serat kang narik kawigaten kanggo diteliti, amarga mujudake serat kang nyritakake babagan Nabi kang adedhasar Kitab Suci. Naskah kasebut dianggep minangka Kitab kang sakral lan ngandhut pitutur luhur kaya dene Al Qur'an. Nilai-nilai lan pitutur luhur kang diandharake lumantar sejarah lakon uripe para Nabi kasebut ndadekake panliti-panliti sadurunge nitingi Serat Ambya ing perangan nilai religiusitas, ananging ing panliten iki ora nitingi bab kang padha. Panliten iki nitingi bab nilai filosofise, amarga akeh nilai-nilai kawicaksanan kang digambarake lumantar simbol-simbol tartamtu.

Gegayutan karo andharan mau underaning panliten iki yaiku: (1) Kepriye andharan ngenani Serat Ambya, (2) Kepriye suntingan teks sajrone Serat Ambya mligine *episode* Nabi Musa, (3) Kepriye struktur naratif sajrone Serat Ambya, (4) Kepriye nilai filosofis kang kinandhut jroning *episode* Nabi Musa.

Adhedhasar underaning panliten kadudut ancasing panliten kaya mengkene: (1) Ngandharake deskripsi naskah Serat Ambya, (2) Ngandharake suntingan teks sajrone Serat Ambya mligine *episode* Nabi Musa, (3) Ngandharake struktur naratif sajrone Serat Ambya, (4) Ngandharake nilai filosofis kang kinandhut sajrone *episode* Nabi Musa.

Serat Ambya kasebut bakal dionceki nggunakake tintingan filologi. Filologi dimangerteni minangka studi naskah kang ngupaya kanggo nelaah teks-teks klasik supaya bisa resik saka samubarang kang ora trep lan bisa mangerteni budaya kang dumadi ing jaman nalika naskah iku karipta. Tahapan filologi kang bisa digunakake kanggo ngresiki teks saka samubarang kang ora trep yaiku tahapan suntingan teks.

Isine Serat Ambya kang nyritakake babagan wiwitane donya iki rinipta lan lakon uripe para Nabi dititingi lumantar teori struktur. Anggone nyritakake lumantar *episode-episode crita* ing NSA kang kaperang adedhasar temane ing saben *sekwen-sekwene*. *Sekwen-sekwen* crita kang tinulis ing saben episode kasebut nggambarake kepriye isine Naskah Serat Ambya kasebut. Gayutan antarane saben kedadeyan iku bakal katon cetha. Sabab-musabab dumadine sawijining perkara bisa katon gamblang.

Pungkasan teori filsafat digunakake kanggo nitingi babagan nilai filosofis kang kinandhut jroning simbol-simbol kasebut. Simbol-simbol kasebut katemokake ing episode crita Nabi Musa. Simbol minangka unsur kang onjo jroning *episode* kasebut. Laku uripe Nabi Musa bisa dimaknani kanthi filosofis amarga akeh patuladan kang bisa kapethik. Nilai filosofis kasebut minangka samubarang kang sinurat, mula anggone maknani kudu nganti tumeka ing makna tataran kapindho lan dilarasake karo konteks ukarane.

## METODE

### Ancangan Panliten

Panliten iki cocog lan laras yen nggunakake panliten kualitatif tinimbang panliten kuantitatif. Tegese panliten kualitatif miturut Semi yaiku panliten kualitatif dilakoni kanthi cara nengenake sepira jerone anggone maknani kepriye *interaksi* antarane konsep kang lagi dikaji kanthi *empiris* (Semi jroning Endraswara, 2003:5).

Laras karo andharan ngenani panliten kualitatif, pranyata panliten ngenani Serat Ambya minangka salah sawijining karya sastra lawas iki cocog diteliti nggunakake metode deskriptif. Metode deskriptif iku tegese ngandharake kanthi cetha jroning wujud tembung-tembung utawa gambar kang dibutuhake, ananging ora awujud angka (Endraswara, 2003:5).

Gabungan antarane panliten kualitatif lan deskriptif iku diarani panliten deskriptif kualitatif. Metode deskriptif iki cocog digunakake jroning panliten Serat Ambya kanthi perspektif filologi amarga data panliten iki arupa tembung-tembung (naskah lan teks), saliyané iku uga kudu ngandharake kepriye nilai filosofis kang kinandhut jroning Serat Ambya kasebut.

Metode kang sepisanan kudu dilakoni kanggo ngonceki simbol-simbol kang ngandhut nilai filosofis jroning Serat Ambya kasebut yaiku pembacaan heuristik. Pembacaan heuristik yaiku pembacaan adedhasar struktur basa utawa adedhasar sistem konvensi tataran kang kapisan lan konvensi sastra (Pradopo, 1995:109). Sawise nindakake pembacaan heuristik banjur anggone nganalisis lan nafsirake nilai filosofis kang ngandhut simbol-simbol kasebut lumantar metode hermeneutika.

Metode Hermeneutika dadi metode utama kang digunakake jroning panliten sastra lan filsafat, amarga metode kasebut minangka metode kang paling tuwa kang wis kawentar. Kanthi etimologis Hermeneutika dumadi saka tembung Yunani yaiku *hermeneuein*, kang tegese nafsirake utawa menahi interpretasi. Mula saka iku penafsiran kang diandharake lumantar basa, ora ateges basa iku dhewe. Karya sastra perlu ditafsirake amarga jroning karya sastra kasebut kinandhut basa, lan basa kasebut uga ngandhut makna kang siningit (Ratna, 2012:44).

### Sumber Data

Sumber data arupa naskah asli Serat Ambya kang wis *discan* supaya nggampangake anggone nлити. Naskah Serat Ambya iki duweke Mbah Katamsi kang mapan ing Desa Tempursari RT 17 RW 4 Kec. Wungu Kab. Madiun. Sumber data ing panaliten iki arupa Naskah Serat Ambya (NSA) minangka naskah pribadi.

### Data

Data primer kang digunakake jroning panliten iki arupa teks episode Nabi Musa sajrone Serat Ambya wiwit kaca 283 nganti kaca 417. Teks episode Nabi Musa kang dicritakake wiwit pupuh 26 nganti pupuh 41.

Data sekunder kang digunakake ing panliten iki yaiku data-data kang ora digunakake kanthi langsung nyengkuyung panliten iki, yaiku arupa buku-buku, asil panliten sadurunge, dokumen, lsp. Buku-buku kang nyengkuyung panliten iki kayata Kamus Jawa, Kamus Basa Arab, Al Qur'an, Injil lan uga buku-buku ngenani crita Nabi.

### Tata Cara Pangumpulan Data

Trap-trapane pangumpulan data ing panliten iki yaiku teknik inventarisasi naskah, teknik pustaka, lan teknik *open coding*.

#### (1) Teknik Inventarisasi

Teknik inventarisasi naskah utawa awujud tindak inventarisasi. Proses inventarisasi iku tegese nglacak utawa nggoleki sisik melik ngenani sakabehing perkara kang ana gayutane karo naskah kang ditliti. Anggone nggoleki data ngenani naskah iku bisa dilakoni kanthi langsung utawa ora langsung.

#### (2) Teknik Pustaka

Teknik pustaka yaiku teknik kang digukake kanthi cara ngumpulake data saka buku-buku, katalog, kalawarti, terbitan naskah, crita sejarah, lsp kang bisa nyengkuyung sawijining panliten. Yen data sekunder mau data-data panyengkuyung panliten, yen teknik pustaka iku cara kang ditindakake kanthi cara maca buku-buku (data sekunder) iku mau.

#### (3) Teknik *Open Coding*

Proses analisis data (coding) dilakoni supaya teori kang dipilih kanggo nganalisis data ora kleru. Teknik kang dilakoni kanggo ngumpulake data saakeh-akehe yaiku kanthi cara *open coding*. Kang diarani *open coding* yaiku proses mrinci, nguji, nandhing-nandhingake, nongsep, lan nggolong-nggolongake data.

### Tata Cara Analisis Data

Teknik analisis lan panintinge data jroning Filologi lumantar transliterasi lan suntingan teks kang bakal mujudake sawijining terbitan teks kang apik, kudu nindakake teknik analisis data kaya ing ngisor iki:

#### (1) Teknik waca

Teknik waca minangka teknik kang sepisanan ditindakake sadurunge panliten. Teknik waca iki penting banget tumrap panliten deskriptif kualitatif iki, amarga data-data kang wis dikumpulake kudu diandharake dening panliti. Mula saka iku yen teknik waca iki ora ditindakake kanthi tenanan tamtune panliti ora bakal bisa ngonceki kanthi jero nilai-nilai utawa piwulangan kang kinandhut jroning obyek kasebut.

#### (2) Teknik Translite

Kang diarani transliterasi yaiku mindhah utawa ngganti jinising tulisan siji mbaka siji, saka sawijining aksara marang aksara liyane (Purnomo,2007:33). Serat Ambya iki nggunakake aksara jawa, aksara jawa kang digunakake uga ora padha karo aksara jawa kang baku digunakake ing jaman saiki. Mula saka iku perlu ditindakake transliterasi supaya gampang anggone maca lan nintingi nilai kang kinandhut jroning tetembungan iku mau.

#### (3) Teknik Panyunting

Sawijining terbitan teks wajib nindakake kritik lan komentar. Semono uga teks Nabi Musa jroning Serat Ambya kudu ditintangi kanthi kritis babagan tembung-tembung lan tetembungan kang laras karo paugerane tulisan. Tembung-tembung kang kurang trep karo bakune paugeran kudu diwenahi kritik lan komentar minangka tanggung jawab panliti kang nelaah sawijining naskah.

#### (4) Teknik Analisis Konten

Pesen utawa makna kang kinandhut jroning Serat Ambya mligine episode ngenani Nabi Musa iki anane nilai filosofis. Nilai filosofis ing kene minangka nilai kang onjo katemokake jroning crita Nabi Musa kasebut. Nilai filosofis kasebut digambarake lumantar simbol-simbol kang ngamot makna tartamtu. Lumantar tintingan filsafat bisa dionceki kepriye nilai filosofis lakon uripe Nabi Musa wiwit lair nganti seda kanggo nggayuh kasampurnane urip.

## ASILING ANALISIS DATA

### Andharan Ngenani Naskah

Salah sawijining bab kang kudu dilakoni nalika miwiti panliten filologi yaiku deskripsi naskah. Lumantar saka deskripsi naskah kita bisa mangerteni kaya apa asal-usul lan uga kahanane naskah kanthi cetha. Katrangan-katrangan babagan naskah bisa ditemokake katalog, wawancara marang wong kang nduweni naskah lan uga nggoleki katrangan saka manggala lan kolofon naskah kasebut. Katrangan-katrangan kasebut disusun ing andharane naskah, supaya pamaca bisa oleh gambaran kang cetha ngenani naskah kang dadi obyek panliten kasebut.

### Suntingan Teks

Suntingan naskah mujudake pakaryan nyunting (ngedit). Pakaryan nyunting yaiku nyiapake naskah kanthi ngasilake naskah kang resik lan sistematis. Suntingan teks minangka perangan kang wigati banget dilakoni sadurunge nindakake tahap sabanjure.

### Asiling Suntingan Teks

Pupuh XXV: Asmaradana

Kaca 283-296

6. Dene yen miyos {tinangkil}<sup>1</sup>/ pinarak ing {pêlangkan}<sup>2</sup> mas/ pinatik ing sêsotya byor/ abra ingngujya lan nira/ nêlahhi pasiwakan/ wasi jêjanggan myang nujum/ jajar lawan patih Aman//
7. Miwah kang para nêrpati/ andher munggang pannangkillan/ samya lênggah kursi jênne/ apan kadya gunung sêkar/ busannanning narendra/ ngandika pirngon sang prabu/ eh nujum wasi<sup>3</sup> jêjanggan//

### Aparat Kritik

Sawise ditandhani, banjur tandha-tandha kasebut dikritik (diowahi) supaya isining naskah kasebut tansaya cetha. Samubarang kang kliru kasebut diowahi lan uga diwenehi cathetan lan komentar minangka wujud pertanggung jawaban panliti marang naskah kang ditliti. Saliyane iku lumantar cathetan lan komentar para pamaca bisa mangerteni kepriye sejatine kahanan naskah kang dadi obyek panliten.

Tembung-tembung kang kliru diowahi kanthi paugeran-paugeran kang baku, banjur kanggo nggampangake anggone mbenerake kanthi singkatan kaya ing ngisor iki:

T : teks ing Naskah Serat Ambya  
S : suntingan teks

Pupuh XXV: Asmaradana

- (6) T : pêlangkan S : plangkan

### Cathetan

Cathetan mujudake sawijining komentar saka suntingan kang dilakoni marang naskah Serat Ambya mligine ing episode crita Nabi Musa kasebut, kang diandharake ing ngisor iki:

- (1) Tembung {*tinangkil*} dumadi saka tembung nangkil kang diuwuhi seselan (-in-) kanggo njangkepi guru wilangan. Tembung nangkil tegese sowan, ananging yen tembung tinangkil tegese sinewaka (disembah, dikurmati).
- (2) Tembung {*pêlangkan*} dumadi saka tembung plangkan kang diuwuhi seselan (-el-) supaya guru wilangane jangkep karo paugerane tembang asmaradana. Tembung plangkan tegese damar utawa palinggihane Raja.
- (3) Tembung *wasi* tegese pandhita utawa ahli panjangka (ramal).

### Struktur Naratif Sajrone Serat Ambya

Struktur naratif sajrone Serat Ambya iki didhasari lumantar teori Struktur Naratif Sintaktik kang diandharake dening Todorov. Lumantar teori kasebut, mula crita naratif kang ana ing Serat Ambya iki kaperang jroning *sekwen-sekwen* ing saben *episode*. Lumantar *sekwen-sekwen* kasebut bakal dimangerteni struktur teks lan uga struktur sintaksis naratif kang kinandhut jroning Serat Ambya kasebut. Isining Crita Serat Ambya iki bakal kaperang dadi 24 episode crita kang diandharake ing NSA.

- (1) Episode Crita Ngenani Diciptakake Bumi lan Saisine. Episode iki dumadi saka liamang sekwen, yaiku; (a) Gusti Allah nyiptakake jagad saisine (b) Gusti Allah nyiptakake jin (c) Iblis mbalela marang prentahe Gusti Allah (d) Gusti Allah nyiptakake Tapel Adam (e) Idajil ora gelem nyembah marang Tapel Adam.
- (2) Episode Crita Ngenani Nabi Adam. Episode iki dumadi saka sangang sekwen, yaiku; (a) Bagendha Adam manggon ing Swarga (b) Eblis kang tekabur tetep ora gelem nyembah Nabi Adam (c) Nabi Adam nyuwun wanodyan dadi garwane (d) Eblis nggodha Babu Kawa lan Nabi Adam supaya mangan buah khuldi (f) Gusti Allah nundhung Nabi Adam saka swarga (g) Nabi Adam njodohaake putra-putrine kang kembaran (h) Kabil kang duraka lan tega mateni sedulure (i) Nabi Adam diriwuki carane golek pangan (j) Anak lan putune Nabi Adam kang dadi Nabi.
- (3) Episode Crita Ngenani Nabi Edris. Episode iki dumadi saka rong sekwen, yaiku; (a) Ujian

- keimanan Nabi Edris marang Gusti Allah  
(b)Nabi Edris pengin tetep mapan ing Swarga.
- (4) Episode Crita Nabi Nuh. Episode iki dumadi saka nem sekwen, yaiku; (a) Nabi Nuh nuturi umate supaya bekti marang Gusti Allah (b) Nabi Nuh diprentah Gusti Allah supaya nggawe kapal (c) Wong kafir padha lara weteng (d) Gusti Allah paring prentah supaya ngunggahake sato kewan (e) Wong kafir padha mati kleleb (f) Eblis ora bakal musna lan tansah nggodha manungsa.
- (5) Episode Crita Ngenani Nbai Hud. Episode iki dumadi saka telung sekwen, yaiku; (a) Prentah supaya mulang umate marang Agama suci (b)Umate kang kafir tetep ora manut marang Nabi Hud (c) Raja Darham lan para kafir antuk paukuman.
- (6) Episode Crita Ngenani Nabi Saleh. Episode iki dumadi saka rong sekwen, yaiku; (a) Mukjizate Nabi Saleh kang mulyakake para umate (b) Wong pitung desa malih kafir amarga panggodhane Eblis.
- (7) Episode Crita Ngenani Nabi Ibrahim. Episode iki dumadi saka nem sekwen, yaiku; (a) raja Nambrut mrentahake supaya kabeh bayi lanang dipateni (b) Garwane Patih Ajar nglairake bayi lanang (c) Nabi Ibrahim nggoleki sejatining Gusti Kang Akarya Jagad (c) Upayane Nbai Ibrahim Ngislamake Raja Nambrut (d) Nabi Ibrahim dadi garwane Dewi Sarah (e) Upaya ngislamake Raja Umus (f) Gusti Allah paring paukuman marang Raja Nambrut lan wong kafir
- (8) Episode Crita Ngenani Nabi Ismangil. Episode iki dumadi saka rong sekwen, yaiku; (a) Kalairane Nabi Ismangil, (b) Nabi Ibrahim, Dewi Anjar, lan Ismangil nampa prentah kurban kanthi iklas.
- (9) Episode Crita Ngenani Nabi Lud. Episode iki dumadi saka rong sekwen, yaiku; (a) Tumindak alane kaum Sadum (b) Gusti Allah paring paukuman tumrap kaum Sadum.
- (10) Episode Crita Ngenani Nabi Iskak lan Ismangil. Episode iki dumadi saka rong sekwen, yaiku; (a) Nabi Ibrahim mbangun mesjid (b) Nabi Ismangil njaluk pusaka tilase Nabi Ibrahim.
- (11) Episode Crita Ngenani Nabi Yusup lan Nabi Yakub. Episode iki dumadi saka rong sekwen, yaiku; (a) Nabi Yusup bakal dipateni karo sedulure (b) Ibu kwalone knag tresna marang anak kwalone.
- (12) Episode Crita Ngenani Nabi Musa. Episode iki dumadi saka wolung sekwen, yaiku; (a) Kalairane Nabi Musa (b) Nabi Musa ngejak Pirngon mlebu islam (c) Nabi Musa nampa prentah sunat (d) Nabi Musa nglawan Raja Arkiya (e) Nitipake lembu marang Gusti Allah (f) Nbai Musa sinau ilmu gaib (g) Sedane Nabi Harun (h) Sedane Nabi Musa.
- (13) Episode Crita Ngenani Nabi Yusang. Episode crita iki nyritakake ngenani Nabi Yusang nalika nglawan Prabu Melaka.
- (14) Episode Crita Ngenani Nabi Istikak. Episode iki dumadi saka rong sekwen, yaiku; (a) Upayane Nabi Istikak ngislamake wong Bani Srail (b) Paukumane wong kafir.
- (15) Episode Crita Ngenani Nabi Yunus. Episode iki nyritakake Nabi Yunus kang ora sanggup ngislamake wong kafir, banjur dipangan Raja Mina.
- (16) Episode Crita Ngenani Nabi Dawud. Episode iki dumadi saka telung sekwen, yaiku; (a) raja Talud mbenjani janji (b) Upayane Raja Talud mateni Nabi Dawud (c) Nabi Dawud minangka pemimpin kang becik.
- (17) Episode Crita Ngenani Nabi Suleman. Episode iki dumadi saka rong sekwen, yaiku; (a) Mukjizate Nabi Suleman (b) Kuwasane Gusti Allah kang tanpa tandhing.
- (18) Episode Crita Ngenani Nabi Karmeya. Episode iki nyritakake kepriye tumindake umate kang ala lan becik nalika dheweke mimpin.
- (19) Episode Crita Ngenani Nabi Jakariya lan Nabi Yahya. Episode iki nyritakake Nabi Jakariya kang wis sepuh nduweni putra kaaran Nabi Yahya. Banjur sedane Nabi Jakariya dening para kafir.
- (20) Episode Crita Ngenani Nabi Ayub. Episode iki dumadi saka rong sekwen, yaiku; (a) Pacoban kang dialami dening Nabi Ayub (b) Kasabarane Nabi Ayub.
- (21) Episode Crita Ngenani Nabi Ilyas lan Nabi Kilir. Episode iki nyritakake kepriye Nabi Ilyas lan Nabi Kilir bebarengan nglawan Raja Iskandar.
- (22) Episode Crita Nabi Isa. Episode iki nyritakake kalairane Nabi Isa.
- (23) Episode Crita Ngenani Nabi Muhammad. Episode iki dumadi saka liamng sekwen, yaiku; (a) Nabi Muhammad nampa wahyu kang kapisan (b) Upayane Nabi Muhammad supaya

Abu Jahal lan Abu Lahab tobat (c) Nabi Muhammad nindakake Isra' Mijraj (d) Paman Abu Thalib nalika seda (e) Perjuwangane Nabi Muhammad lan para sahabate numpes para kafir.

- (24) Episode Crita Ngenani Prabu Jayabaya. Episode iki dumadi saka rong sekwen, yaiku; (a) Wisatane Prabu jayabaya lan putrane (b) Prabu Jayabaya medharake dosane Ki Ajar.

### Analisis Episode Crita Nabi Musa

#### Nilai Filosofise Wong Sabar

Nilai filosofise wong sabar dumadi nalika Nabi Musa diwenehi ujian dening maratuwane. Dheweke dijanjeni dening Nabi Sungeb bakal diopahi wedhus yen wedhus kasebut bisa manak kanthi werna kang dikarepake dening Nabi Sungeb. Pranyata wedhus kang diangon dening Nabi Musa kasebut bisa manak kaya apa kang dikarepake Nabi Sungeb, ananging dheweke opahé ora diwenehake.

*Sri kawinmu wolung warsa/ nanging isih ngonên ugi/ ingsun wehi opah menda/ janjiku mring sira kaki/ mendaku padha putih/ lamun iku manak besuk/ cêmpe kang metu abang/ dadiya opahan reki..."*

*"... ya ta menda putih-putih/ prasamya manak abrit/ pinet manjing opahipun/ Nabi Sungeb tumingal/ gêtun gya ngowahi janji/ lamun manak irêng iku manjing opah//*

*"Nabi Mungsa tan suwala/ sak janjine anginggihi/ lestari angen kang menda..."*  
(XXVII:8-10)

Nabi Musa kang tansah angon nadyan opahé ora diweneh-wenehake minangka simbolisasi sipat sabar lan ikhlas kang dinduweni Nabi Musa. Sipat sabar lan ikhlas kasebut ndadekake dheweke lulus ujian lang pungkasané malah nampa mukjizat arupa tongkat. Manungsa kang bisa nduweni sipat sabar lan ikhlas nalika ngadhepi perkara bakal pikantuk ganjaran kang ora dinyana-nyana. Simbol kasebut nuduhake yen wong kang tansah sabar lan ikhlas iku ora bakal rugi.

#### Nilai Filosofise Percaya Yen Kabecikan Tansah Menang

Simbol kang kapindho dumadi nalika wedhuse Nabi Musa arep dipangan karo semut kang gedhene sakucing. Semut kasebut pungkasané bisa ditumpes kanthi resik lumantar tongkate Nabi Musa kang malih dadi naga. Naga kang numpes semut-semut kasebut ora mung ateges tongkate Nabi Musa kadigdayan (mukjizat) arupa tongkat kang bisa malih dadi naga wae. Simbol kasebut ngandhut nilai filosofis kang dhuwur banget yaiku percaya yen kabecikan tansah menang.

*"...Mungsa kesah angon kambing/ grahitanira yun wikan/ mring sêmut ingkang sak kucing/...ya ta wau sang*

*blêkithi/ dupi mambu ing menda akaruncungan//"* (XXVII:16)

*"Yata nuli kang jungkat binuwang sebrung/ tumibeng pratala/ dadi naga geng ngajrihi/ mangah-mangah netrane lir surya kembar//"*

*"Punang naga anguntali marang sêmut/ kang sakara-ara/ têlas sami den untali/ Nabi Mungsa giris denira tumingal//"*  
(XXVIII:5-6)

Kabecikan iku bakale pancen menang ananging kudu didhasari marang rasa percaya. Rasa percaya kasebut ora mung percaya yen Gusti Allah bakal menehi pitulungan wae, ananging uga rasa percaya marang awake dhewe yen sejatine kita bisa ngudhari perkara kasebut. Ati kita kudu madhep, manteb, lan kukuh nalika arep budhal perang nglawan kadurjanan. Kanthi ati kang kukuh, musuh sepira kuwate bakal bisa dikalahake.

#### Nilai Filosofise Ngucap Syukur

Nilai filosofise ngucap syukur dumadi nalika Nabi Musa wis nuruti kabeh kang dadi penjaluke umate, ananging isih kurang. Umate Nabi Musa njaluk woh-wohan dicepakake, njaluk tumane ilang banjur diilangi, kang pungkasan umate njaluk mangan dicepakake lawuh kang werna-werni. Pranyata umate isih kurang trima lan nyacad panganan kasebut amarga ora ana lalapane, sanalika panganan kang mauné cumepek dadi ilang musna.

*"Wêneh kaum matur malih/ gusti amba nuwun pangan/ Bagendha Mungsa dêlinge/ yen ana paringaning Yyang/ poma aja nênacad/ ing sarupa-rupanipun/ gya Nabi Musa dèdongal//"*

*"Nulya Jabarail prapti/ ambêkta ambêng rampadan/ akathah rêrampadane..."*

*"Cacade amung sawiji/ dene tan nganggo lalaban/ nulya ambêng musna kabeh/ ya ta ingkang ngucap nacad/ samya gêtun kalintang/ warnanên Jêng Nabi kundur..."*  
(XXXIV:52-54)

Panganan kang ilang amarga dicacad kasebut ora ateges Nabi Musa duka marang umate, ananging amarga Nabi Musa ora seneng nduweni umat kang *kufur nikmat*. Manungsa kang ora bisa ngucap syukur nalika diwenehi nikmat iku tegese wong kang ora nduweni rasa panuwun lan kurang trimanan. Wong kang tansah kurang trima ora bakal bisa syukur marang kahanan kang lagi dialami. Wong kaya mangkono bakal tansah mburu senenge dhewe, kamangka rasa seneng iku ora ana watese.

### **Nilai Filosofise Bakti Marang Wong Tuwa**

Simbol kang kaping telu dumadi nalika Jaka Sungkana dikongkon ibune adol sapi warisane bapake kang wis tilar donya. Sapi kasebut didol kanggo uripe Jaka Sungkana lan ibune. Sapi kasebut dinyang dening wong kanthi rega kang dhuwur ananging ora oleh crita menyang ibune, ananging Jaka Sungkana ora gelem.

*“...ana wong bagus nonoman... ingsun arsa tuku sapi/ ya ta mandhêg Ki Jaka denya lumampah!”*

*“Inggih yen pajêng nêr dinar wong nganomi kanahuri/ iya kaki ingsun tumbas/ nêr dinar ingsun artani/ Ki Jaka anahuri/ inggih kula asung wêruh/ dhatêng ibu kawula...”*

*“Sun picisi rolas dinar/ nanging aja nganggo warti/ iya mangke ibunira/ nuli sun gawa kang sapi/ Ki Jaka anahuri/ kula jrih wêlinge ibu...” (XXXVI:16-18)*

*“...nadyan tumbasên upami/ langkung sangking sekêt dinar/ yen kula andika pênging/ warta ing ibu mami/ sayêkti amba tan asung/ sangêt ajrih kawula/ angêlirna kang wêwêling/ kang tuku nging ya sun turut ujarira!” (XXXVI:25)*

Jaka sungkana iku lagi diuji dening Gusti Allah, pranyata dheweke ora kedonyan. Dheweke ora nengenake bandha donya ananging luwih nengenani piwelingé ibune. Jaka Sungkana pancen kudu mulih lan rundingan ngenani regane sapi sawise dinyang dening wong. Prentah lan amanate ibune tansah dijaga dening Jaka Sungkana. Mula saka iku Jaka Sungkana minangka potret manungsa kang tansah bakti marang wong tuwa.

### **Nilai Filosofise Kadurjanan Bakale Tansah Konangan**

Nilai filosofise kadurjanan bakale konangan katon nalika Jaka Rubil lan Jaka Kedah tega mateni sedulure supaya bisa oleh bandha donya warisan wong tuwane. Kalorone uga apus-apus lan ngreka daya supaya kadurjanane ora konangan. Pranyata kadurjanan kasebut bisa konangan lumantar sapine Jaka Sungkana kang beda karo sapi lumrahe.

*“Lah ta Ngamil gya sabêtên anakira/ lawan buntuting sapi/ Ki Ngamil anulya/ kunarpane kang putra/ sinabêting buntut sapi/ mayit wus basah/ anulya bisa linggih!”*

*“Ya ta Ngamil anakoni anakira/ sarwi lara anangis/ iya sapa nyawa/ kang mateni ing sira/ kang tinakon tan nahuri...”*

*“...sabêtên sutanta/ lan ilat sapi ika/ sira tumandang Ngamil/ nabêt kang putra/ lawan ilate sapi!”*

*“Nabi anging lah ta mara takonan/ ya sutanira Ngamil/ iya sapa nyawa/ kang niaya ing sira/ sumahur Ki Jaka Sahid/ anake paman/ kawula den karoni!” (XXXVII: 54-59)*

*“Jajanira têrus marang ing walikat/ anuli Jaka Rubil/ Ngamil anêrajang/ jaja trus ing walikat/ jaka kalih wus ngêmasi/ sakukum molah/ Nabi nora salisir!” (XXXVII:61)*

Sapine Jaka sungkana kang bisa nguripake wong kang wis mati ora mung ateges sapi kasebut nduweni kadigdayan kang linuwih. Sapi kasebut amung lantaran kanggo nuduhake kuwasane Gusti Allah. Gusti Allah kang Maha Kuwasa bisa nguripake wong mati lan bisa njejegake kabecikan. Kadurjanan ora bakal konangan, nadyan didelik-delikake.

### **Nilai Filosofise Upaya Kanggo Nyinaoni Ngelmu Gaib**

Nilai filosofise upaya kanggo nyinaoni ilmu gaib dumadi nalika Nabi Musa diukum nggoleki ilmu gaib amarga wis salah tuduh marang wong kang ora kliru. Ilmu gaib kasebut pranyata ilmu hakekat bab ketuhanan. Ilmu kasebut wis ditampa dening Nabi Kilir, mula Nabi Musa kudu meguru marang Nabi Kilir. Nabi Kilir gelem mulang Nabi Musa kanthi syarat aja takon sadurunge diterangake dhewe dening Nabi Kilir. Pranyata ing pungkasane Nabi Musa ora kuwat lan kalorone pepisahan.

*“Aling yen kari dinarnya/ binalen mring beji prapta/ mulat dinare tan ana/ wong kang adus tinakonan/ anjawab yen nora wikan/ malah atêmahan dêrdah/ labête tuhu tan wikan/ nulli ginoco jajannya!”*

*“Marang ingkang duwe dinar/ ya ta mati kapisanan/ Nabi Mungsa dupi mulat/ gêtun rumongsa tan duga/ dene kang ginoco pêjah/ yêkti tan ngambil tan wikan angungun sangêt Jêng Mungsa/ nuli Jabarail prapta!” (XXXVIII:6-7)*

*“Mêkatên gaib adilnya/ Pangeran Kang Maha Mulya/ nging Nabi ratu tan yogya/ angukumkên laku samar...” (XXXVIII:11)*

*“...kesaha angguguru/ dhatêng Nabi Kilir neng warih/ lah tuwan pitakona/ paran ngelmunipun/ tuwan sangu sekul ulam/ apan Nabi Kilir aneng toya urip...” (XXXIX:1)*

Nabi Musa kang kebacut takon ngenani alasan tumindake Nabi Kilir ora ateges Nabi Musa iku ora nduweni sipat sabar. Kabeh iku dilakoni Nabi Musa amarga rasa welas asihe marang manungsa iku gedhe banget. Kalorone iku ana ing trap-trapan ilmu kang beda, banjur kawruhe Nabi Musa ngenani ilmu gaib isih kurang mula dheweke ora bisa nguwasani ilmu gaib. Sejatine kalorone padha-padha njejegake kabecikan ananging adedhasar ngelmu kang beda mulane pungkasane njur pepisahan.

### *Nilai Filosofise Nampa Kematian.*

Simbol kang pungkasan dumadi nalika Nabi Musa arep dicabut nyawane dening Malaekat Ngijrail, ananging dheweke tansah alasan. Gusti Allah kang mangerteni yen Nabi Musa wedi mati banjur nuduhake pasemon-pasemon ngenani kematian. Pasemon kang kapisan arupa uler kang bisa urip lan lemu ing njerone watu jroning segara. Uler kasebut urip amarga cumepak godhong-godhongan ing sandhinge. Pasemon kang kaping pindho arupa Nabi Musa kang pethuk wong lagi ndhudhuk lemah pasareyan. Kabeh wong kasebut ditakoni ngenani sapa kang bakal mati, jebul kabeh padha-padha nyauri kanggo hambane Gusti Allah kang titikane kaya Nabi Musa. Pungkasane dheweke gelem njajal luwang kasebut lan tilar donya.

*“Rumêksa ing suta amba siji/ tur pawestri wagêda karêksa/ lujênge miwah têdhane-dhane/ ya têtah kados kaum/ ingkang samya budi tan yuti/ lan sampun kados umat/ kang sami dalurung/ kang samya nêmbah brahala.”*

*“Pukulên ajungkatmu mring tasik/ nulya kesah Mungsa ing samudra/ ginitik piyak toyane/ Nabi mulat ing patu/ duk tune kêtêming waring/ sawusnya toya piyak/ kang sela kadulu/ mandhêlis neng dhasar toya/ sabdaning lis neng dhasar toya/ sabdaning Yyang maring Nabi Mungsa ilrab/ bingasakal kajirra//”*

*“Pukulên ajungkatmu mring curi/ dyan pinukul ingkang sela pêcah/ ing jro pan ana ulêre/ lan ana isenipun/ gêgodhongan ijo sumandhing/ lan wêning toya tawa/ ulêr mingkuk-mingkuk/ lêmuk limis sariranya/ ulêr muji subêkkana rabil jukni/ wabirah ta matika//” (XLI:6-8)*

Pasemon kang sepisanan ora ateges uler kang nduweni kadigdayan gaib utawa panjemane Iblis. Pasemon kasebut sejatine minangka gegambaran marang Nabi Musa supaya ora kuwatir ngenani nasibe putra lan garwane uga umate. Uler kang ora nduweni akal wae bisa urip ing njerone watu jroning segara, apa maneh manungsa kang dianugrahi akal pikiran lan urip ing ndonya. Tamtune kaluwargane ora bakal kurang pangan ing alam donya.

Pasemon kang kapindho kasebut nuduhake yen wong kang wis ditakdirake mati iku ora bakal bisa nulak utawa

mlayu. Saben saparan-paran kita bakal kalah karo kuwasane Gusti Allah. Gusti Allah kang nduweni kuwasa nyiptakake manungsa, mula mung lumantar kuwasane uga manungsa iku dicabut nyawane. Manungsa kang tansah tumindak becik ora perlu kuwatir ngenani bab kematian, amarga saben tumindak kita bakal diganjar ing alam akherat.

## **PANUTUP**

### **Dudutan**

Piwulang kang bisa kadudut saka sakabehing simbol kang ana ing episode crita Nabi Musa iku luhur banget. Manungsa iku lair suci kanthi kuwasaning Gusti Allah. Manungsa kasebut urip adedhasar pengalaman urip kita lan wong liya nalika ngadhepi musibah lan ujian. Pengalaman kasebut ndadekake kita manungsa kang percaya dening gusti Allah, bekti marang Gusti Allah lan wong tuwa, ngekang hawa nepsu, lan tansah aweh pitulungan marang wong kang mbutuhake. Manungsa kang tansah nindakake kabecikan ing alam donya ora perlu wedi mati, amarga tumindak becik kita bakal diganjar kamulyan ing alam akherat.

### **Pramayoga**

Adhedhasar andharan saka asile panliten ing bab sadurunge, pranyata jroning NSA mligine episode crita Nabi Musa ditemokake simbol-simbol kang cacache akeh lan ngandhut nilai filosofis. Nilai filosofis kasebut ora mung adedhasar pamawase panulis wae ananging uga adedhasar Al Qur'an lan Al Kitab. Sumber kasebut minangka sumber *otentik* kang ngandharake bab crita-crita Nabi

Lumantar panliten iki diajab bisa menehi kawruh bab sipat-sipat kang kudu dituladhani jroning episode crita Nabi Musa. Saliyane iku panulis ora nerjemahake pangandikane Allah ing kitab-kitab kasebut, ananging mung methik nilai filosofis jroning NSA kang kalungguhane minangka karya sastra.

## **DAFTAR PUSTAKA**

- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Baried, Baroroh. 1994. *Pengantar Teori Filologi*. Yogyakarta: Badan Penelitian dan Publikasi Fakultas (BPPF).
- Ciptoprawiro, Abdullah. 1986. *Filsafat Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Djamaris, Edwar. 2002. *Metode Penelitian Filologi*. Jakarta: Manasco.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: CAPS.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Mistik Kejawen*. Yogyakarta: NARASI.
- Endraswara, Suwardi. 2012. *Filsafat Sastra Hakikat Metodologi Dan Teori*. Yogyakarta: Layar Kata.



Harnum, Nihayatul.2008. “Serat Ambya (Deskripsi, Transliterasi, Terjemahan, dan Fungsi Naskah)”.(Skripsi). Surabaya: Unesa.

Herawati, Novalita Vivin. 2010. “Suntingan Teks lan Piwulang Moral ing sajroné Naskah Serat Wulang Sunu Versi Pacitan”. (Skripsi). Surabaya: Unesa.

Magnis-Suseno, Frans. 2003. *Etika Jawa*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.

Moleong, J Lexi. 2011. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya.

Molen, Van der Willem. 2011. *Kritik Teks Jawa*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia.

Naharoh, Khoirin Nguliyah.2012. “Piwulang Wanita sajroné Naskah Suluk Warni-warni (Ing Perspektif Filologi)”. (Skripsi). Surabaya: Unesa.

Nurdiyantoro, Burhan.2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press

Padmosoekotjo, S. 1953. *Ngengrengan Kasusastran Djawa*. Yogyakarta: Soejadi.

Padmosoekotjo, S. 1992. *Wewaton Panulisan Aksara Jawa*. Yogyakarta: Soejadi.

Poerbatjaraka.1952. *Kapustakan Djawi*. Jakarta: Djambatan.

Pradopo, Djoko Rahmat. 1995. *Beberapa Teori Sastra, Metode Kritik, dan Penerapannya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Purnomo, Bambang S. 2007. *Filologi dan Studi Sastra Lama*. Surabaya: Bintang Surabaya.

Purnama, Bambang S. 2011. *Kesastraan Jawa Pesisiran*. Surabaya: Bintang Surabaya.

Purwadi. 2007. *Filsafat Jawa dan Kearifan Lokal*. Yogyakarta: Panji Pustaka

Rafiek.2010. *Teori Sastra Kajian Teori dan Praktik*. Bandung: Refika Aditama.

Ratna, Kuntha Nyoman. 2012. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Robson, S.O. 1994. *Prinsip-Prinsip Filologi Indonesia*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa

Sudardi, Bani.2003. *Penggarapan Naskah*. Surakarta: Badan Penerbit Sastra Indonesia (PBSI).

Sudardi, Bani. 2003. *Sastra Sufistik*. Solo: Tiga Serangkai Pustaka Mandiri.

Suraya, Indah. 2012. “Etika Religius sajroné Serat Amad Mohammad (Tintingan Struktural Sastra)”. (Skripsi). Surabaya: Unesa.

Sugiyono, 2009. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta.

Suriasumantri, S. Jujun. 2001. *Filsafat Ilmu Sebuah Pengantar Populer*. Jakarta: Pustaka Sinar Harapan.

Suryani, Elis. 2012. *Filologi*. Bogor: Graha Indonesia.

Wibawa, Sutrisna. 2010. *Makalah Nilai-nilai Etis Kepemimpinan Jawa dalam Serat Wedhatama*. Yogyakarta:

Wisnumurti, Rangkai.2012. *Sangkan Paraning Dumadi Konsep Kelahiran dan Kematian Orang Jawa*. 2012: DIVA Press.

Zoedmulder. 1983. *Kalangwan Sastra Jawa Kuno Selayang Pandang*. Jakarta: Djambatan.

#### Daftar Kamus

Balai bahasa Yogyakarta. 2011. *Kamus Bahasa Jawa (Bausastra Jawa)*. Yogyakarta: Kanisius.

Chirzin, Muhammad. 2011. *Kamus Pintar Al Qur'an*. Jakarta: Gramedia.

Poerwadarminta, W.J.S. 1937. *Bausastra Djawi*. Yogyakarta:

Poerwadarminta, W.J.S. 1941. *Djawi Djarwa*. Djakarta: Bale Poestaka.

Ranggawarsita, lan CV Winter. 1988. *Kamus Kawi Jawa*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.